ITALIA

COMMISSIONE NAZIONALE PER IL DIRITTO DI ASILO

EUROPEAN UNION AGENCY FOR ASYLUM

# LAN NGA WARA XAM CI MBIŖU BINDU NGIR ÑAAN ASILE

XIBAAR YU ÑEEL XALE YUÑU GUŊGEEWUL




Na ngeen def, ñun ay xale lañu yu bawoo ci ay réew yu bari. Dañoo tukkee fu sori ba aksi ci Italia ngir sakku kaarànge. Ñun kese ñoo fii aksi, andu ñu ak sunuy waajur.
Na ngeen def. Maa ngi tuddu Lisa. Dama lay xamal li nga bëgg a xam ci li aju ci bindu ngir ñaan asile (ñu koy woowe itam kaarange bitim réew).

# Lan mooy kaarange bitim réew?







Su ab nit mënul dellu ci réewam ndax dafa wóoradi, mën naa jot ci ab kaarange bitim réew te nekk fu wóor ci réew mi leen jox kaarange bii.

Sa kilifa dina la gëna leeral kan mooy jot kaarange bitim réew ak lan mooy toppatoo bi.

Ci Órob, karaange bitim réew mën nañ ko woowee asile, tolluwaayu dawlàqqu wala kaarange bu ñaareel. Xeyna dégg nga baatu asile ba noppi. Dina jëfandikoo baatu asile sumay wax ci kaarange bitim réew ndax moo gëna yomba fattaliku ci yaw.

## Bayyi ci xel, yaa ngi ci kaarange léegi.


Ñépp lañuy toppatoo ci anam bu tolloo ci Órob ak fuñu mëna bayyeeko, te duñu xool ci seen diine wala seen melo deru yaram.





Ci Órob, képp ku amagul 18 at dañ koy jàppee niki ab xale.

Niki ab xale am nga ay sañ-sañ yu xejjiku. Sa kaarange ak sa wergu-yaram dañoo am solo.



Di nga dajeek ay njiit yu bari, yu mel ni liggéeykat yi nekk ci njiiti asile yi, ci niñu ko wonee fii. Di nañ la laaj ay laaj ci yaw ak sa tukki ci Órob.

Bayyi ci xel, ligeeykat yi dañu fi nekk ngir àar la ak ngir jël dogal ci li gën ci yaw.

Mën nga wax ligeeykat yi sa xalaat saa su nekk, li nga soxla ak li ngay yëg sa yaram.



# Kan mooy ab kilifa?





Ndax li nga ñëw fii te anduloo ak say waajur, njiit yi di nañ la jagleel ab mag ñu koy woowee kilifa bi lay jàppale.

Ab kilifa nit la buy jàppale xale yi aksi Órob te andu ñu ak seeni waajur wala beneen mag bu leen yore.

Ab kilifa mën naa doon ab góor wala ab jigéen. Kilifa yi mën nañ leen woowee itam ay teewalkat wala teewalkat yu yoon nangu.

Bu fekkee ni dajeeguloo ak sa kilifa, di nga dajeek moom nimu gëna gaawee.

Yenn saay, njiit yi mën nañ la njëkka jagleel ab kilifa bu negandiku ngir dimbali la ba kerook ngay dajeek sa kilifa buy sax.






Ab kilifa daf fi nekk ngir leeralal la lépp li nga soxla ci li aju ci sa dëkk te daf lay jàppale nga jël ay dogal yu am solo. Ci misaal, ab kilifa dina la jàppale ci sa bindu ngir ñaan asile, leeralal la toppatoo yi, leeralal la say sañ-sañ ak say waréef te ànd ak yaw ci ndaje ak njiit yi.

Mën nga wax kilifa gi sa xalaat saa su nekk, laaj ko ay laaj te wax ko so amee loo soxla. Dañ fi nekk ngir dimbali la.



So amee ab jafe-jafe ak sa kilifa, wax ko ligeeykat **ya neek ca barab ba nga neek.** Du indi benn lorange ci sa bindu ngir ñaan asile.



# Ban ndimbal lañu lay jox ci jamonoy toppatoo bi?





barab bu wóor booy nekk



Ay yere



yeneen mbir yi la mëna jarin



Loy leek



mën nga dem ci doktoor bi




men nga jangi lekool



Di nga dëkk ci ab barab bu baax ci yaw te jot ndimbal li nga soxla dëppook sa at

# Sakku naa asile, luy xew léegi?






**Ci njëlbéen, sa mbindu mi dañu ko wara def ci diiwaan bi ba noppi jébbalaat ko.**

Di nañ la bind te jebbal ko ci benn bis bi, ci biir àppu 5 fan yi topp ci bi nga ñaanee asile.

Sa kilife, sa kilifa bu negandiku,  Mag niy liggéey ci barab bi nga dëkk di nañ la xamal bis bi ak waxtu wi te sa kilifa dina la guŋgee ci njiit yi.

Sa kilifa dina nekk ak yaw ci diiru toppatoo bi yépp.



# Jamono juñuy amal bindu bi ak jebbal bi yii ñooy xew...





Di nga won ligeeykat yi wayndare raññeekaay yi nga am yepp (paaspoor, kart dantite, ak yeneen.).

Mën naa am ñu saytu la yaw ak say moomeeli bopp. Njiit yi mën nañu teye say moomeel ab diir, waaye di nañ la delloo lépp, bamu des say moomeel yi nga xamantane dañoo wóoradi.





Di nañ jël sa nataal.

Dinañu jël sa amapreent baraam.







mën nga gis
ab doktoor

- ab ligeeykat di na la laaj ay laaj ci yaw ak ci sa tukki ci Órob
- Dina ñu jël yeneen xibaar lu demeni kalaama yi ngay lakk.

ab ligeeykat dina la laaj nga jox ko say xibaari jokkoo (sa adarees ak sa nimero telefon).



Di nañ la laaj yeneeni laaj ci:

- yaw ak ci sa waa kër
- sa réew ak barab yi nga mësa dëkk
- lu tax nga joge sa réew ak lu tax bëggatoo fa dellu
- nan nga tukkee ngir dem ITALIA





## Bayyi ci xel!

Lu ama am solo la nga wax ak sa kilifa te ngeen ànd liggéey ak njiit yuy liggéey ci asile bi.

Li ngay wax sa kilifa wala ligeeykat yi dina wëy di aju ci **sutura**. Lii limuy tekki mooy xibar yi nga leen di jox duñ leen mësa wax nguur gi nekk sa réew te duñu ko wax itam nit yi nga ragal.




**Dina nekk ci jamono juñuy toppatoo sa asile?**





So bindoo ba noppi, njiit yi dina ñu jël dogal ci ban réew mooy cambar sa bindu. Dina doon Italia wala beneen réewu Órob. Mën nga tànn réew mi, waaye dina ñu bayyi xel li gën ci yaw. Njiit yi di nañ la leeral lii.





Lu am solo la nga wax ko njiit yi jamono ji ngay bindu:

- Boo amee mbokk ci beneen réewu Órob
- Sudee da nga ñaanoon asile ci beneen réewu Órob.

So amee mbokk Órob, lu am solo la nga wax ligeeykat yi lépp li nga xam ci say mbokk. Mën naa am nga mëna nekk ak ñoom ci réew mii wala ci beneen réew buñu dëkk.

Boo xamul fu sa waa-kër nekk, wala nekkatuloo di mëna jokkoo ak ñoom, mën nga laaj kilay taxawu **/** jewrin yafay ligeeye ñu jappale nga seet leen.



**Lan mooy xew so bindoo ba jebbal ba noppi?**





Ginaaw bi nga bindoo, dinga jot ab kayit (ci anam bu negandiku) buy wone ni amal nañu sa bindu te dugal nañu ko ci diiwaan bi. Kayit googu lu am solo la. Nango denj bu baaq.. Yor ko foo mana dem nga, sooy ngeen wala ngay dajek jeurin yi.



# Nan la ligeeykat yi di xamee samay at?





So amul ay keyit yuy firndéel say at ak su njiit yi amee ay siki-saka ci say at, liggéeykat yi bokk ci njiiti asile yi mën nañ la laaj nga dem defi ji xayma at. Lii ab liggéey la buy tax ñu mëna xayma say at.

Amna ay anam yu bari yuñuy xayma say at.

Ci misaal, mën naa aju ci keyit yi nga jebbal wala ay laaj-tontu ak ligeeykat yi wala ay aji-xarañ yu bari. Su amee yeneen siki-saka, mën nga sakku ñu defal la ab xayma doktoor. Ci tolluwaay bii, yaw ak sa kilifa di ngeen joxe seen kàddu nangu.

Sudee xayma at mi dafa gis ni am nga lu ëpp 18 at, di nañ la jàppee niki ab mag. Ci tolluwaay bii, di nga jot yeneeni xibaar.





Su njiit yi gisee ni dafa am kenn ku laa gaañ, di nañu digle nga seeti ab doktoor.

Njuréefi saytu wergi-yaram bi di nañ ko bàyyi xel suñuy càmbar sa bindu.



**Ginaaw bi ñu dugalee sa bindu ci diiwaan bi ba noppi, mën nga am benn wala ay jotaayu laaj-tontu yu bari.**

Lii dafay tekki ne ab ligeeykat di na la laaj yeneeni laaj ci yaw, lu tax nga joge sa réew ak lu tax bëggato fa dellu. Su la njiit yi santee nga bokk ci ab laaj-tontu, da nga ci wara téew te wax leen lépp li nga mëna fattaliku. Jotaayu laaj ak tontu bi nga jagoo bi dinañu ko anrasitere.

Sa kilifa dina la wax kañ ak fan lañuy amalee laaj-tontu bi te dina la jàppale sooy amal jotaayu laaj-tontu bi.



# Luy xew sudee déggu ma làkk bi ligeeykat yi di làkk?





So deggul làkku italiano ab firikat bu dégg làkk bi dina la jàppale nga xam lumuy wax.

Ab firikatu làkk amna beneen liggéey ci say mbir ludul tekki li ñuy wax. Li ngay wax ligeeykat bi biy toppatoo say mbir ak firikatu làkk bi dina wëy di aju ci sutura.

Dëppook li nga gëna dall sa xel, mën nga sakku ci ki lay defal defal laaj ak tontu wala firikatu làkk bi mu nekk ab jigéen wala ab góor. Di nañ leen joxe suñu jàppandee. Wax ko sa kilifa soo tamoo ab jigéen wala ab góor ni mu gëna gaawee ak laata ñuy amal jotaayu laaj tontu bi.



# Ban diir lay def?






Buñu amalee laaj-tontu bi ba noppi, lépp li nga wax di nañu ko saytu.


Tàmbalee ko ci besu  jebbalbi mën naa am nga xaar **6 weer** ngir jot dogal bi ñu jël ci yaw. Yenn saay, mën na gëna guddu waye du wara romb lu ëpp **21 weer.** Xaar bi mën naa jafe waaye àndal ak dal. Njiit yi dañoo bëgga jël dogal bi gën ci yaw.

Mën nga laaj sa kilifa saa su nekk ndax da nga soxla ndimbal ngir mëna dekku xaar bi.



**Ab xarit wax na ni njiit yi duñu saytu sàkku bindoomm ngir am asile. Lu tax kon?**





Njiit yi dañuy njëkk xool ndax jarna ñu saytu ab sàkku asile am déet.

Xëyna njiit yi mën nañu baña saytu sa bindu ci lépp sudee da nga jot ci kaarange ba noppi ci beneen réew wala soo bawoo ci ab réew buñu jàpp ni amna kaarange.

# Ban dogal ngay jot?





Njiit yi dina ñu jël dogal ci ndax da nga soxla asile wala amna yeneeni tànnéef ngir yaw.

Di nañ la leeralal dogal bii.



Soo jotee ab dogal bu neexul ci yaw ak sudee yaw wala sa kilifa àndu leen ci, mën nga yobbu dogal bi ci ab këru àttekaay ngir weddi ko. Lii lañuy woowee woote ñàkka nàngu ci kanamu yoon.






# Nan laaj jotee ci yeneen xibaar ci toppatoo asile bi?





Kudul sa kilifa, amna ay tektalkati yoon yu lay mëna leeral toppatoo asile bi, say sañ-sañ ak say waréef.

Laajal sa kilifa nan ngay jokkoo ak ñoom.



Soo bëggee ab awokaa bu lay jàppale, waxal ak sa kilifa wala beneen ligeeykat.





**Awokaa bi, ànd ak sa kilifa, mën na la jàppale nga:**



waajal sa jotaayu laaj tontu ak njiit yi.



waxal ak njiti asile yi



Nànd dogal bu mengoo ak sa sàkku asile te def woote ñàkka nàngu, sudee yaw wala sa kilifa àndu leen ci dogal bi.



Mën nga jokkoo itam ak waa UNHCR saa su nekk ci jamono yuñuy amal toppatoo bi.

UNHCR dafay jàppale ak di àar ñaankati asile yi ak dawlàqqu yi.

Nit yiy liggéeyal UNHCR dañuy jox ñaankati asile yi ay xibaar ak ay ndimbal.

Mën nga am yeneeni leeral ci https://help.unhcr.org/.



UNHCR
The UN Refugee Agency

# Nan laay jotee ndimbal sudee weru ma wala sudee damay jaaxle lu bari?





Waxal sa kilifa gi, ab ligeeykat bu wóor wala ligeeykat yiy liggéey ci barab bi nga nekk sudee;



Dafa am ku lay gaañ


Da nga amee tiis, mer, ragal wala nga am jafe-jafey nelaw

Amuloo benn jafe-jafe bu mel ni ab laago wala feebar wala sudee da nga ëmb

Ci tolluwaay boobu, di nga jot ndimbal

# Ndax am nga ay waréef?





## Waaw

**Da nga wara topp yoon yi ak sàrti réew mii.**

So amee ay siki-saka ci sàrt yi ak yoon yi, laajal kilifa gi.




**Da nga wara nekk ci barab bi la sa kilifa wax nga nekk.**

Njiit yi tànn nañu ab barab ngir yaw. Bul daw wala ngay genn Italia te taggu woo njiit yi.



**Da nga wara liggéey ak ligeeykat yi.**

Suñu la laajee, da nga wara tontu ci seeni laaj te topp seeni ndigël.



**Waxal li am te nga wax njiit yi lépp li nga xam suñ la laajee.**

Li ngay wax lu am solo la ci sa bindu.

Mën nga baña fàttaliku lépp te mën na am doo mëna tontu laaj yepp. So fàttaliku wul, bul fent ay tontu waaye nanga wax ni fàttaliku wuloo.

**Da nga wara téew ci sa dig-daje yépp yi ngay amal ak njiit yi.**

Yile ndaje dañoo am solo. Da nga wara téew ci bes bi ak ci waxtu wi ñu joxe.







**Da nga wara joxe ay xibaari jokkoo yu jub.**

Ngir wérlu ne di nga jot ci xibaar yepp ak dig-daje yepp, da nga wara jox njiit yi ab adarees wala ab nimero telefon Kilifa gi dina jot itam yile xibaar te mën na la fàttali say did-daje. Sudee say xibaari jokkoo dañoo soppeeku, wax ko sa kilifa ak liggéeykat yi bokk ci njiiti yiy toppatoo asile. Lu am solo la ñuy mëna jokkoo ak yaw.

**Da nga wara jox njiit yi mbooleem keyit yi nga am.**

Jox leen keyit yi nga am yépp yi lañeel ak sabab yi waral nga joge sa réew. Bokk na ci yooyu say keyiti rañ̃ñeekaay (paaspoor), ab keyitu juddu wala keyitu lijaasa ekool, ab keyitu lopitaal wala yeneen keyit.

Da nga wara jebbal xibaar yépp ak keyit yépp ni mu gëna gaawee.

So amul keyit yi léegi, mën nga leen joxe ci kanam. Waxal ak sa kilifa. Sa kilifa mën na la jàppale nga jot yooyu keyit ngir jox leen njiit yi ni mu gëna gaawe.

**So mënul dëppoo ak waréef yi, waxal ak kilifa bi ak liggéeykat yi ci biro asile bi ci saasi te leeralal leen sabab bi.**





# Lan mooy jeexital yi buma deful samay wareef?



So dëppoowul ak wareef yi, loolu mën naa indi ay lorange ci sa bindu.

Mën nga ñakk yenn yeleef yi ak ndimbal yi ma leeraloon



**Mën nañu taxawal sa doxaliinu asile wala ñu dàq ko so dëppoowul ak say waréef, ci misaal sudee:**

- tontu woo ci laaj yi bawoo ci njiit yi, wala
- nanguwulo ñu jël sa empreinte, wala
- da nga joge ci barab bi nga nekkoon te amoo ci ndigël.

Ci tolluwaay yu ni mel, njiit yi dina ñu xalaat sa bindu bi soxalu la. Dotoo nekk kuy sakku asile te di nga ñakk leep lu jem ci kum doon sakku karange.





So waxul njiit yi dëgg bi ci sa bopp wala sa jaar-jaar wala so nëbbee ay xibaar yu am solo wala nga yàq say keyit ci sa tayeef, mën nañu dàq sa bindu te duñ la may asile.


Su njiit yi gisee ci kanam ni waxoo woon dëgg bi ñuy amal doxaliinu asile bi, mën nañu nangu asile biñu la mayoon.





Leeralal naa la mbir yu gëna am solo yi nga wara xam. Sa kiliffa ak njiit yi di nañ la jox yeneeni leeral ci jamano ji ngay amal toppatoo asile.




Bayyi ci xel!
Ñaan asile amul fay




# Bayyi ci xel

Moytul nit ñiy joxe ndimbal di ko weccoo ak ay njariñ wala xaalis. Mën nañu am xalaatu def lu bon.



Dina am ku lay xiir ci nga jéema dem. Waaye bàyyil xel ni waroo dem, ndax lii mën naa doon lu wóoradi ci yaw.






Waxal ci saa si sa kilifa, wala mag yuy liggéey ci barab bi nga nekk; su amee ku lay jéema defloo lo bëggula def wala lenn loo jàpp ni baaxul.



## Luy xew suma bëggee dellu sama réew ak dakkal sama bindu, lan laa wara def?





So bëggee dellu sa réew ak dakkal sa bindu, wax ko sa kilifa ak njiit yi. Di nañ la mëna jàppale nga dellu ci kaarange.



# So amee yeneeni laaj ci lima leeral nii, laajal sa kilifa, njiit yi wala liggéeykat yi nekk ci barab bi nga nekk.



Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal dawlàqqu yi (EUAA) moo joxe lu ëpp ci teere bi, réew yu bokk ci Réew yu booloo yu Órob rek la EUAA mayñu sotti ko wala soppi ko. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025